

Magumo .

*“ Renje nenyika yakaoma zvichafara;
sango richafara kwazvo, richatumbuka seruva.
richatumbuka zvizhinji, nokufara kwazo
nomufaro nokuimba;*

*Richapiwa kunaka kukuru kwe reRebanoni,
novukomba hwe Kameri neSharoni;
vachaona kunaka kukuru kwaJehova,
ihwo vukomba hwaMwari wedu.*

Simbisa maoko anesimba, mutsigire mabvi anodedera.

Itii kunavane moyo inotyia; Simbai musatyia !

*Tarirai, Mwari wenyu uchauya nokutsiva,
nokuripira kwaMwari; uchauya achikuponesai.*

*Ipapo meso amapofu achasvinudzwa,
nenzeve dzamatsi dzichadzivurwa.*

*Ipapo unokamhina uchakwakuka senondo,
rurimi rwembeveve ruchaimba;*

*nokuti mvura zhinji ichadzutuka murenje,
nehova dzemvura musango.*

Jecha , rinopisa, richashanduka dziva, nevhu,

*inenyota, zvitubu zvemvura; pahugaro
hwamakava, paaivata, pachava neuswa, netsanga
nenhokwe.*

*Ipapo pachava nomugwagwa, nenzira, ichanzi,
Nzira youtsevene; unetsvina haangafambi nayo,
asi ichava yavo; vanofamba nayo, kunyange
ari mapenzi, haangarashiki.*

*Hapangavi neshumba, kunyange
nechikara hachingafambipo ;
hazvingawanikwipo, asi vakadzikinurwa ndivo
vachafambapo;*

*vakasunungurwa vaJehova vachadzoka, vachasvika
Zioni vachiimba;*

*mufaro usingaperi uchava pamusoro pavo;
vachawana mufaro nomoyo muchena,
kuchema nokusuwa kuchatiza.”*

(9 Isaya 35: 1-10)

Mubhuku rino ndinodaira kuti wadzidza zvaka wandama maererano nokunaka, kwekufamba uri munguva yekuomerwa. Zvawaifungidzira kuti zvakaipa ndizvo zvakatonyanya kunaka, kunyange uchitya kufamba murwendo urwu. Chikonzero ndechekuti Iye Ishe Jesu wakasiya avimbisa kuti, haazotisiya tiritoga, uyezve hakuna muidzo watinosangana nawo tikasakunda.

“ Mufambire womunhu unosimbiswa naJehova;

Unofarikanya munzira yake .

Kunyangwe akawa haangawiswi chose;

nokuti Jehova unomutsigira noruoko rwake.

Ndakanga ndirimuduku, zvino ndakwegura;

kunyangwe zvakadaro handina kutongoona

wakarurama achisiwa,

kana vana vake vachipemha zvokudya”

(Mapisarema 37: 23-25)

Chokupedzisira tinovimbiswa naMwari kuti mugwenga ndimo matinowana nguva yokutaura Naye. Munguva Yake yakafanira, Mwari, anoshandura gwenga rikava mufaro wako. Kutambudzika nokuchema zvikasazovapo-zve !.

Nhoroondo yeMharidzo

Nhoroondo iyi yakagadzirirwa kuna avo vanoda kuparidza kana kudzidzisa shoko mumaKereke avo kana muungano dzekudzidza shoko panguva yakavafanira. Mwari ngavakuropafadzei mukudzidza kwamuchavanako.

Kupfuura nemunguva yokuomerwa

(Mapisarema 63: 1-4)

Pisarema ra Davidi, panguva yokugara kwake parenje raJuda.

*“ Mwari, imi muri Mwari wangu;
Ndichakutsvakai mangwanani;
Mweya wangu unenyota kwamuri,
Nyama yangu inokushuai,
Panyika yakaoma, inonzwisa nyota isine mvura.
Naizvozvo ndakatarira kwamuri panzvimbo tsvene,
Kuti ndione simba renyu nokubwinya kwenyu.
Nokuti hunyoro hwenyu hunokunda hupenyu;
Miromo yangu ichakurumbidzai.
Naizvozvo ndichakuvongai ndichiri mupenyu;
Ndichasimudza maoko angu nezita renyu.”*

Panesimba roMweya Mutsvene ririkufamba pasi rose nhasi. Mhando yesimba iroro haringaedzaniswe nechimwe chinhu chakambovapo. Kudzikinurwa kwavanhu nokuporeswa kwavo . Kutendeuka kubva muzvivi. Kuvakwa kwemaKereke mazhinji nokuungana kwavanhu muhuwandu hwavo pose pose. Kudzidziswa kwe Shoko raMwari muzvikoro zvikuru nezviduku. Nzara yokuda kuverenga nokuda kunzwa shoko raMwari Zvirikuitwa navatendi zvirikuratidza kubata nokufamba kwesimba roMweya Mutsvene.

Mutendi ngaazive kuti gwenga inzvimbo yokuidzwa

Deuteronomio 8:2

- Mwari akavatungamirira murenje
- Chinangwa chaiva chokuti vazive ivo pachavo
- Aidawo kuti ivo vamuzive kuti ndi Mwari
- Mwari haatipe miidzo inotikurira

MuGwenga inzvimbo yokukura

Ruka 1: 80

- a. Mwari anatora nguva yake mukuita zvinhu; Anoda kuti tikure pazvinhu zvose muna Kristu
- b. Gwenga inzvimbo yakakodzerana nohurongwa hwake.
(i) *Jehova moyo wangu hauzvikuudzi, meso angu haana manyawi handinahanya nezvinhu zvikurukuru, kana nezvinhu zvinondikurira. Zvirokwazvo ndakavaraidza mweya wangu nokuunyaradza. Somwana wakarumurwa uripanaamai vake, mweya wangu wakaita kwandiri somwana wakarumurwa. Mapisarema 131:1-2*

(2) *Mweya wedu unosimbiswa- Ruka 1:80*

- (3) *Tinounzwa-pamberi paMwari munguva yake-
Josefa mulgipita
Mosesi muMidiani
Davidi muAdullam
Johane Mubapatidzi
Pauro muApostori*

c. Jesu Kristu Ndiye muenzaniso wedu – **Ruka 2: 52**

*Wakakura muzvinhu zvina:
Pakuchenjera
Pakukura
Pakufadza Mwari
Pakufadza vanhu*

Gwenga inzvimbo yokuzorora

Marko 6: 31

Uyai imi muri moga kunzvimbo murenje, muzorore zvishoma;

- (1) Mwari anoziva patinogumirwa
- (2) Anoziva patinopererwa
- (3) Mwana muparadzi

Mwana muparadzi apedza kuparadza pfuma, akazofunga kudzokera kunababa vake, uko waizokumbira ruregerero. Izvi akazviita asina waakataurira kana kutuma. Kukanganisa kwake akakuona panguva yainge ari oga, munguva yokurarama mukuomerwa, yandingati gwenga. Dai akabvunza mazano kubva kune vamwe vanhu dai asina kusvika kunababa.

Kana kuti dai paakasvika akatanga kuona mukoma wake, aiasvikazve kunababa . Nokuti mukoma wake waiva nepfungwa dzakaipa negodo pamusoro pomunun'una wake nababa vake , vaaifungidzira kuti vainge vamushandisa somuranda, pamazuva ake ose aakavashandira.

Vangani nhasi vakagadzirira kugamuchira , avo vakambodzokera shure murutendo rwavo, vakazofunga kudzoka ? Mashoko akawanda , akaipa zvakadii , anotaurwa pamusoro pomunhu iyeyo afunga kudzoka kuimba yaMwari ? Hausi mumwe wevakonzera kuti vamwe vatadze kudzoka kuimba yaMwari here ? Pamusoro pemafungiro , matauriro , nemaitiro ako mukutadza kugamuchira vakadai . Bhaibheri shoko raMwari rinotikurudzira kuti savatendi ,tinofanirwa kuungana . Ipapo ndipo patinowana nguva yokukurudzirana nokusimbisana munaKristu .

Zvino kana usingagone kugamuchira vamwe unozosimbisa hama munaShe sei ? “ *Mumwe nomumwe unovenga hama yake, murayi ; munoziva kuti hakuno murayi unohwupenyu husingaperi hugere maari*”
(**1 Johane 3: 15**)

Kana uri muimba yaMwari usashanda somuranda , nokuti kana vamwe vakazotendeuka vachidzoka kuimba yaMwari unenge wotyira chinzvimbo chako chaunofunga kuti urikuchishandira , zvokutadzisa kugamuchira vadzoka . Usakanganwa kuti ruponeso runopiwa kumunhu wose anenge atenda kuna Mwari, izvi zvisingaitwe nokuda kwebasa raunoita paKereke. (**vaEfeso 2: 8-9**) Mwari anerudo, anogamuchira anotendeukira kwaari, semwana wake, kwete semuranda , zvisinei kuti wakanga watadza zvakadii. Mwari chaanoda kwauri moyo wako kwete mabasa ako .

Ndinovimba nokutenda kuti bhuku rino richakubatsira muhupenyu hwako. Zvichida urikugara munyika inoratidzika seisina gwenga, asi gwenga riripo. Rinogona kuva mumoyo mako, muhupenyu hwauri kurarama hwokuomerwa,kana kuti hausati wasangana nenguva yokuva mugwenga. Asi ndinokukurudzira kuti urambe wakamira naShe panguva yakadai. Gara uri pamunyengetero kuti naivo Mwari vagogarawo mauri.

2 Vakorinte

6 1 Zvino zvatinobatsirana naye, tinokumbira zvikuru kuti murege kugamuchira nyasha dzaMwari pasina. 2 (Nokuti iye anoti: Ndakakunzwa lwe nenguva yakafanira, ndikakubatsira, pazviva rokuponeswa, pazviva rokuponeswa, pazviva rokuponeswa.)

Vashanduri vebhuku rino vanovimba kuti wadzidza shoko raMwari nokuropafadzwa zvikuru kwazvo. Ndichochishuwo chedu kuti zvidaro kwauri.

Kana wakomborerwa nebhuku rino ipawo mumwe munhu waunofunga kuti angabatsirikane naro .

Tinozofara kunzwa kwauri , takazvipira kuzokubatsira kana uine mimwe mibvunzo pamusoro pezvawakaverenga.

Kero yedu inoti :

**Bible Ministries
P.O. Box 10025
Harare
Zimbabwe**

“Mweya wangu unenyota kwamuri, nyama yangu inokushuvai,
panyika yakaoma, inonzwisa nyota, isine mvura.”

Ndizvo zvinotaura Davidi , munhu waive wepamoyo paMwari . Vana Abrahama, Mosesi, Isaya, Jeremia, Johane Mubapatidzi naApostora Pauro- vose vakavavo nenguva yokuva mugwenga. Kunyangwe na Jesu wakagarawo mugwenga kwemazuva makumi mana. Ko,sei isu vatendi vanhasi tichitarisira kusafambawo nemugwenga ?

Mubhuku rino James Ryle anotipa zvikonzero zvishanu Zvinoita kuti Mwari atifambise mugwenga. Pauchapedza kuverenga bhuku rino unenge wavakutorumbidza Mwari- kunyangwe uri pakati pokuomerwa !

Nhoroondo yomunyoru:

James Ryle, mutungamiriri we Truthworks Ministries, wakava Mufundisi muKereke mbiri dzakasiyana kubva mugore ra 1974 – 1988 . Panguva imwecheteyo waishumira munzvimbo dzeUS ne Europe zvakananyana. Muvambi nemutauri wesangano rinonzi Promise –Keepers, James Ryle wakaparidza vhangeri rakagamuchirwa kunzvimbo inonzi *Stand in the Gap*: Iyi inzvimbo tsvene yakaungana vanhurume chete, mumwedzi wagumiguru mugore ra1997. Vungano iyi yaisvika chiuru chimwe chinemazana mana .

James Ryle, wakashanda kwemakore gumi ari mukuru wepa Colorado University. Pamakore aya waiedza kukurudzira hushumiri mumasangano makuru avatendi.

James Ryle wakaroorwa uye anevana vana, anogara kuTennessee.

